

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Leavy (dina Sudarmanto, 2021), nétélakeun yén desain panalungtikan téh nyaéta aturan kondisi ngumpulkeun jeung nganalisis data, anu miboga udagan pikeun ngahijikeun rélevansi tujuan panalungtikan jeung prosedur panalungtikan. Salila lumangsungna prosés panalungtikan, kamampuh siswa diukur saméméh jeung sabada dibére *perlakuan* ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*. Hasilna bisa ditinggali ku cara ngabandingkeun tés awal jeung tés ahir. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode kuasi ékspérimén kalawan desain *one group pretest and posttest design*. Ieu panalungtikan dimimitian ku cara méré *pretest*, tuluy ngalakukeun *perlakuan* (*treatment*) sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda kalawan ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*, sarta dipungkas ku méré *posttest*.

Tabél 3.1  
Desain Panalungtikan

<i>Pretest</i>	<i>Treatment</i>	<i>Posttest</i>
O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>

(Arikunto, 2013, kc. 124)

#### Keterangan

- O<sub>1</sub> : *Pretest* (kamampuh nulis Aksara Sunda siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*)
- X : *Perlakuan/Treatment* (ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*)
- O<sub>2</sub> : *Posttest* (kamampuh nulis Aksara Sunda siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*)

### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X SMA. Sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas XC di SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Perenahna ieu sakola di Jl. Ir. H.


Juanda (Dago Pojok), Kecamatan Coblong, Kota Bandung. Taun 2019 ieu sakola ditépkeun miboga akreditasi (A) kalawan nilai 93. Kurikulum anu dipaké di ieu sakola nyaéta kurikulum 2013 pikeun kelas XI jeung kelas XII, sarta kurikulum anyar ‘Sekolah Penggerak’ pikeun kelas X. Karakter ieu sakola téh leuwih condong kana préstasi siswa, cinta lingkungan, jeung sikep siswa. Ieu hal saluyu jeung visi misi SMA Negeri 19 Bandung ‘*Berwawasan lingkungan, berprestasi dalam pendidikan, bernuansa religius untuk menumbuhkembangkan sikap mandiri dan amanah*’. Sumber panalungtikan dijéntrékeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.2  
Sumber Data

Kelas XC	
Lalaki	Awéwé
18	17
<b>Jumlah: 35</b>	

### 3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan téh mangrupa léngkah-léngkah aktivitas anu dilakukeun ku panalungtik pikeun meunangkeun hasil, tujuan, jeung kacindekan sacara sistematis. Pamarekan anu dipaké nya éta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, désain anu dipaké nyaéta *one group pretest and posttest design*. Prosedur panalungtikan bakal ditétlakeun dina bagan saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan dijéntrékeun saperti ieu di handap.

a. Idéntifikasi Masalah

Idéntifikasi masalah mangrupa tahap tatahar pikeun panalungtik nangtukeun kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan masalah, jeung métode panalungtikan saméméh ngalakukeun panalungtikan. Panalungtik ngaidéntifikasi masalah anu karandapan ku siswa dina pangajaran basa Sunda, hususna dina matéri aksara Sunda.

Alinda Ayu Dwi Safitri, 2022

*Modél Examples Non Examples dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. Ngalaksanakeun panalungtikan jeung ngumpulkeun data  
Lumangsuna panalungtikan téh diwincik jadi tilu runtuyan kagiatan, nyaéta
- 1) Ngalakukeun *pretest*, siswa dibéré soal anu eusina kekecapan maké aksara latén anu kudu dirobah jadi aksara Sunda. Hasil tina *pretest* dikumpulkeun tuluy dipeunteun sangkan mikanyaho peunteun awal.
  - 2) Larapna modél dina pangajaran (*treatment*), ngalakukeun léngkah-léngkah modél *Examples Non Examples* dina pangajaran aksara Sunda.
    - a) Guru nataharkeun gambar-gambar anu saluyu jeung tujuan pangajaran;
    - b) Gambar-gambar anu digunakeun nyaéta gambar papan jalan, sablonan baju, jeung ngaran bangunan anu ngagunakeun aksara Sunda;
    - c) Guru ninggalikeun gambar ngaliwatan *In Focus*. Dina ieu tahap ogé guru geus nyiapkeun lembar kerja pikeun dibagikeun ka unggal kelompok;
    - d) Guru nyieun lima kelompok tina 35 jumlah siswa, tuluy méré pituduh jeung méré kasempetan ka siswa pikeun nganalisis gambar;
    - e) Siswa dibéré waktu pikeun nganalisis gambar, ngarucat aksara nu aya dina gambar, sangkan éta aksara bisa kaidentikasi wangun jeung tipe éta aksara Sunda;
    - f) Ngaliwatan sawala kelompok, hasil sawala tina analisis gambar téh ditulis dina kertas;
    - g) Unggal kelompok dibéré kasempetan pikeun macakeun hasil sawalana;
    - h) Siswa dilatih pikeun ngajéntrékeun hasil sawalana ngaliwatan wawakil kelompok séwang-séwangan;
    - i) Tina hasil sawala siswa, guru mimiti ngajelaskeun matéri saluyu jeung tujuan anu rék dihontal; jeung
    - j) Guru jeung siswa nyieun kacindekan matéri saluyu jeung pangajaran.
  - 3) Ngalakukeun *posttest*, mangrupa kagiatan pamungkas dina ieu panalungtikan. Siswa dibéré soal nu sarua nalika *pretest*. Hasil *posttest* dikumpulkeun tuluy dipeunteun sangkan mikanyaho nilai ahir.

c. Analisis Data

Sabada panalungtik ngalakukeun *pretest jeung posttest*, hasil peunteun dibandingkeun sarta dianalisis signifikansi antara *pretest jeung posttest* nu ngawengku kana sababaraha kagiatan dina prosés analisisna.

d. Kacindekan

Panalungtik nyieun kacindekan, saran, jeung implikasi tina hasil panalungtikan sacara déskriptif.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Évaluasi tés hasil diajar mangrupa salasahiji cara pikeun ngukur kahontalna hiji prosés pangajaran anu geus dilaksanakeun. Ku ayana tés hasil diajar, pendidik bisa nyaho kaonjoyan atawa kahéngkéran prosés pangajaran anu geus dilaksanakeun (Nugraha, 2017, kc.44).







Lembar tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa, dina nulis Aksara Sunda boh saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* atawa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*. Tés anu dipaké mangrupa tés tulis, nyaéta ku cara ngeusian soal anu geus disiapkeun saméméhna.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén diperlukeun pikeun meunangkeun data anu dijadikeun bahan anu kacida pentingna dina ngajawab pasualan panalungtikan, sarta nguji hipotésis sangkan bisa ngahontal tujuan panalungtikan. Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun mikanyaho babandingan hasil diajar nulis Aksara Sunda siswa kelas XC di SMA Negeri 19 Bandung ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*.

Dina ieu panalungtikan, instrumén jeung téhnik anu dipaké nyaéta téhnik tés ngagunakeun instrumén lembar tés, observasi, jeung kuésionér. Lembar tés nyaéta lembar eusian tinulis pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis Aksara Sunda. Téhnik tés anu dipaké nyaéta téhnik tés uraian terstruktur wangun alih aksara. Dina lembar tés téh aya sapuluh soal alih aksara dina wangun kecap nu ngawengku kana aksara swara, aksara ngalagena, angka, jeung rarangkén.

Tabél 3.3  
Instrumén Panalungtikan

Mata Pelajaran : Basa Sunda	
Kelas : X (Sapuluh)	
Alokasi Waktu : 2 x 45 Menit	
<b>Soal Tés Awal (Pretest) jeung Tés Ahir (Posttest)</b>	
Wasta :	
No. Absén :	
Kelas :	
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Titénan ieu gambar di handap.</li> <li>2. Salin kecap nu aya dina gambar kana wangun aksara Sunda saluyu jeung kaédah-kaédahna.</li> </ol>	
a.	
b.	
c.	
d.	
e.	
f.	

### 3.6 Analisis Data

Sabada data ka kumpul, diolah pikeun néangan jawaban kana pasualan-pasualan nu aya dina ieu panalungtikan. Analisis data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Ieu kagiatan téh mangrupa kagiatan nu kawilang

penting lantaran bahan nu geus kakumpul bakal dianalisis. Sababaraha tahapan analisis dina ieu panalungtikan, di antarana saperti ieu di handap.

- a. Mariksa hasil tés (*pretest* jeung *posttest*) dina ngarobah aksara latén kana wangun aksara Sunda. Kritéria skor nu dipaké nyaéta.

Tabél 3.5

Kritéria Skor Nulis Aksara Sunda

Aspék nu dipeunteun	Skor	Keterangan
Aksara Ngalagena	5	Penulisan aksara ngalagena 80%-100% bener
	4	Penulisan aksara ngalagena 60%-79% bener
	3	Penulisan aksara ngalagena 40%-59% bener
	2	Penulisan aksara ngalagena 20%-39% bener
	1	Penulisan aksara ngalagena 10%-19% bener
Aksara Sora	5	Penulisan aksara sora 80%-100% bener
	4	Penulisan aksara sora 60%-79% bener
	3	Penulisan aksara sora 40%-59% bener
	2	Penulisan aksara sora 20%-39% bener
	1	Penulisan aksara sora 10%-19% bener
Rarangkén	5	Penulisan rarangkén 80%-100% bener
	4	Penulisan rarangkén 60%-79% bener
	3	Penulisan rarangkén 40%-59% bener
	2	Penulisan rarangkén 20%-39% bener
	1	Penulisan rarangkén 10%-19% bener
Angka/Wilangan	5	Penulisan angka 80%-100% bener
	4	Penulisan angka 60%-79% bener
	3	Penulisan angka 40%-59% bener
	2	Penulisan angka 20%-39% bener
	1	Penulisan angka 10%-19% bener

Keterangan:  $\Sigma$ aksara ngalagena = 36;  $\Sigma$ aksara sora = 5;  $\Sigma$ rarangkén = 34; dan  $\Sigma$ angka = 12

- b. Méré peunteun kana hasil nulis aksara Sunda kalawan maké rumus saperti ieu di handap.

$$P = \frac{\text{Skor } (a+b+c+d)}{\text{Skor Maksimal } (20)} \times 100$$

- c. Ngasupkeun peunteun jeung skor kritéria nulis aksara Sunda, maké format skala peunteun saperti ieu di handap.

Tabél 3.6

Format Skala Peunteun Nulis Aksara Sunda

Nomor Siswa	Aspék nu dipeunteun				$\Sigma_1$	$\Sigma_2$	P <sub>1</sub>	P <sub>2</sub>	Kat.
	A	B	C	D					

Keterangan:

A : aksara ngalagena

B : aksara sora

C : rarangkén

D : angka

$\Sigma_1$ : skor maksimal

$\Sigma_2$ : jumlah skor (A+B+C+D)

P<sub>1</sub> : peunteun maksimal (100)

P<sub>2</sub> : peunteun siswa

Katégori = peunteun > 75 siswa dianggap mampuh nulis aksara Sunda

peunteun < 75 siswa dianggap can mampuh nulis aksara Sunda

Tabél 3.7

Kritéria Peunteun Nulis Aksara Sunda

Peunteun	Kritéria	Keterangan
85-100	A	Hadé pisan
76-84	B	Hadé
55-75	C	Cukup
40-54	D	Kurang
0-39	E	Kurang pisan

(diropéa tina Nursolah, 2020, kc. 40)

### 3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Dina ieu panalungtikan, data diolah jeung dianalisis ngagunakeun aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solution)* versi 20.



### 3.6.1.1 Uji Normalitas

Tujuan dina uji normalitas nyaéta pikeun mikanyaho data panalungtikan distribusina normal atawa henteu. Sabab, dina statistik Parametik distribusi data nu normal nyaéta hal anu kudu sarta mangrupa sarat mulak anu kudu kacumponan. Uji normalitas data bisa dilakukeun sababaraha uji statistik saperti, *Shapiro-Wilk*, *Kolmogorov-Smirnov*, *Liliefors*, *Skewness*, jeung *Kurtosis*. Anapon hasil analisis pikeun uji normalitas dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

$H_1$  : distribusi data normal

$H_0$  : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Shapiro-Wilk* ku sabab data dina unggal kelompok téh 35, hartina éta data téh kurang ti 50. Dasar nyokot kaputusanana saperti ieu di handap.

$H_1$  ditarima, lamun nilai signifikan (sig.)  $> 0,05$ .

$H_0$  ditarima, lamun nilai signifikan (sig.)  $< 0,05$

### 3.6.1.2 Uji Homogénitas

Dina statistik Uji Homogénitas digunakeun pikeun mangaruhan varian tina sababaraha populasi sarua atawa henteu. Ieu uji biasana dilakukeun minangka prasarat dina nganalisis *Independent Sampel T-test* jeung *Anova*. Asumsi anu ngadasaran dina *Analisis of varians* (ANOVA) nyaéta yén varian tina sababaraha sampel téh sarua. Saperti dina uji statistik séjénna, uji homogénitas digunakeun minangka bahan acuan pikeun nangtukeun kaputusan uji statistik. Anapon dasar nyokot kaputusan dina uji homogénitas nyaéta:

- Upama nilai signifikansi  $> 0,05$ , mangka disebutkeun yén varian tina dua atawa leuwih kelompok populasi data téh sarua.
- Upama nilai signifikansi  $< 0,05$ , mangka disebutkeun yén varian tina dua atawa leuwih kelompok populasi data téh teu sarua.

### 3.6.2 Uji Hipotésis

Aya dua cara pikeun nangtukeun uji hipotésis. Saupama hasil uji normalitas nunjukkeun hasil data anu distribusi normal, éta data dina nguji hipotésisna maké

*Statistic Parametic* kalawan ngagunekeun *T-test*. Sedengkeun, lamun data miboga distribusi anu teu normal, éta data diuji hipotésisna maké *Statistic non-parametic* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria, dijéntrékeun saperti ieu di handap.

Hipotésis Alternatif ( $H_1$ ) : aya béda anu signifikan kana kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples* ka siswa kelas XC SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023.

Hipotésis Nol ( $H_0$ ) : teu aya béda anu signifikan kana kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples* ka siswa kelas XC SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023.